

# Fason pou Jwenn Kansè Poumon Bonè

*Finding Lung Cancer Early - Haitian Creole*

Gen yon tès ki kapab ede jwenn kansè poumon anvan li lakòz nenpòt sentòm . Sa rele Esganografi CAT dòz fèb (LDCT) epi li kapab ede jwenn kansè poumon lè kansè a piti pa simaye epi ka pi fasil pou trete. Sa kapab ede bese risk yon moun pou mouri nan kansè poumon.



## Èske mwen ta dwe fè tès depistaj pou kansè poumon?

Sosyete Ameriken pou Kansè ankouraje moun ki pi arisk pou gen kansè poumon pou yo.

Tès depistaj la chak ane, sa gen ladan moun ki:

- Gen laj ant 50 ak 80 ane
- Fimen oswa ki te abitye fimèn
- Gen omwen yon istwa fimèn yon pòch sigarèt ki gen 20

Yon ane-pòch vle di yon moun te fimèn 1pòch sigarèt swa apre 20 sigarèt) chak jou pandan yon ane. Sa kapab vle di:

- Fimèn 1 pòch sigarèt pa jou pandan 20 ane, oswa
- Fimèn 2 pòch sigarèt pa jou pandan 10 ane

Pale avèk yon moun ki nan ekip swen sante ou si ou panse ou ka arisk anpil pou gen kansè poumon. Moun sa a kapab ede ou decide si ou ta dwe fè tès depistaj la.



## Kijan doktè fè tès depistaj pou kansè poumon?

Yon eskanografi LDCT se tès doktè itilize pou kansè poumon li tankou yon radyografi men li montre plis detay. Yon eskanografi LDCT kapab ede jwenn chanjman nan poumon ou ki ta ka kansè.

Esganografi CAT se yon gwo machin ki gen fòm bag . Ou kouche sou yon tab plat ki andedan glise retounen andedan twou a ki nan mitan eskanè a, doktè a pral mande ou pou kenbe souf ou pou yon tan kout. Ou pral tande son vwonbisman ak klik pandan eskanè ak limen ak etenn. Eskanè a pa p ba ou doule epi l ap sèlman pran kèk minit lè ou nan machin nan.



Ale sou sitwèb [cancer.org/healthy/find-cancer-early](https://cancer.org/healthy/find-cancer-early) pou aprann plis sou tès depistaj pou kansè poumon.

Doktè a ka mande ou pou dezabiye epi pou mete yon blouz lopital. Ou pral bezwen retire nenpòt rad oswa objè ki gen metal tankou zip, soutyen ki ranboure, bijou, pèsaj, epitou, fè teknolojik la konnen si ou gen yon estimilatè kadyak oswa lòt aparèy medikal nan kò ou.



## Kisa rezilta tès depistaj la vle di?

Yon radyològ (yon doktè ki resevwa fòmasyon pou li eskanografi LDCT pral analize eskanografi ou Epi l ap voye rezilta yo ba doktè ou. Ou ta ka bezwen fè plis tès si doktè a obsève kèk chanjman yo. Se yon sitiyasyon ki komen anpil pou eskanografi LDCT yo montre kèk ti zòn ki rele nodil.

Anpil nodil sa yo pa kansè. Men li enpòtan pou chèche konnen si eskanografi a montre nenpòt bagay ki ta ka bezwen trete.



## Èske asirans mwen pral peye pou tès depistaj kansè poumon?

Medicare ak anpil plan asirans sante prive kouvri tès depistaj kansè poumon. Klinik doktè ou kapab ede ou konnen si asirans ou pral peye pou eskanografi a.



## Kisa mwen kapab fè pou bese risk mwen pou kansè poumon?

Si ou fimèn, kite fimèn, lè ou fè tès depistaj pou kansè poumon sa pa vle di ou kite fimèn. Sosyete Ameriken pou Kansè gen konsèy ak resous pou ede amelyore chans ou pou kite fimèn pou toutbon.

Ale sou sitwèb nou nan [cancer.org/quittobacco](https://cancer.org/quittobacco) oswa rele nou nan nimewo **1-800-227-2345**.